


Sesyon siplemantè sou pouvwa, vyolans sou fanm ak tifi epi VIH/SIDA

KOURIKOULÒM KORE TIFI

Etap Chanjman pou elèv: Faz 4 (Aksyon)



G i d p o u p w o f e s è
B I Y O L O J I

3zyèm ak 4yèm Ane Nouvo Segondè (Reto ak Filo)



REPANSE POUVWA

An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



BEYOND BORDERS






Repanse Pouvwa ekri dokiman sa a, avèk kolaborasyon Institution Mixte Père Louis-Farnèse LOUIS-CHARLES, Kap Wouj

Remèsiman espesyal pou Pwofesè Biyoloji Maître Pierre Léonel epi Ekip Repanse
Pouvwa ki te kreye ak adapte sesyon yo. Mèsi pou C. Kathia Ridoré, pou kontribisyon li
nan faz final dokiman sa a.

SESYON
POU 3ZYÈM AK 4YÈM
ANE
NOUVO SEGONDÈ
(RETO AK FILO)

BIYOLOJI



Dokiman Biyoloji sa a pran an kont kourikoulòm Physio/Biologie Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP).

Pami lòt enfòmasyon, nou jwenn enfòmasyon sa yo nan kourikoulòm Ministè a:

- “Une dimension … d’engagement communautaire caractérisée par une démarche individuelle située dans une collectivité. . .”
- “. . .Développer le sens des responsabilités et l’esprit communautaire . . .”
- “Inculquer à l’élève les habiletés nécessaires à la découverte et à l’expérimentation.”¹

Referans nan kourikoulòm leta pou sesyon pi ba yo:

3ème année Nouveau Secondaire. Thème “Hérédité” paj 12. Sous thème: “Appareils reproducteurs de la femme et de l’homme / Méthodes contraceptives” page 17 à 21.²

4ème année Nouveau Secondaire. Thème : “Microbiologie” page 9. Sous thèmes : “Bactéries/ Virus” page 9 et 10.³

TÈM	SESYON, LÈ AK PAJ	REFERANS NAN LIV
Pase alaksyon ak moun ki konsène	Pale ak yon ekspè (45 minit) paj 4	<p>* Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain e Calas Joseph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i>. Port-au-Prince: SMELCA Production. Chapitre XVI - Appareil reproducteur, paj 86 apre méthodes contraceptives.</p> <p>* Dieufort Registre. (1999). <i>Biologie Humaine: Classe de 3ème B,C,D. 3è Edition 2014 Collection LABED</i>. Quatrième partie - La fonction de reproduction, II - La maternité, paj 74, apre les principes de contraception.</p>
Pase alaksyon ak enstans ki konsène	Organizasyon ak enstans an aksyon (2 sesyon – 1 jou 20 minit, ak yon lòt jou 45 minit-1nèdtan) paj 8	<p>* Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain e Calas Josph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i>. Port-au-Prince: SMELCA Production. Chapitre XVIII - Amélioration des conditions de l'environnement, paj 94 nan fen paj la.</p> <p>* Dieufort Registre. (1999). <i>Biologie Humaine: Classe de 3ème B,C,D. 3è Edition 2014 Collection LABED</i>. Cinquième partie-- Hygiène et microbiologie, II, paj 79, apre pati A-- Hygiène, microbiologie définition.</p>
Pase alaksyon ak enstans ki konsène	Pwojè sèvis (Premye jou: 10 minit pou bay lide a, 2zyèm jou: 1nèdtan oubyen pi plis pou fè pwojè sèvis la, 3zyèm jou: 30 minit pou yon brase lide yon lòt jou apre) paj 12	<p>* Stimphil Norbert, Méroger Jean-Bertrand, Edmond Jean-Edner, Louis Paul Ghislain e Calas Joseph Henry (1998). <i>Biologie Humaine: Troisième et Première</i>. Port au Prince: SMELCA Production. Lecture I Texte 1: Le SIDA, paj 98 nan fen paj la, nan fen tèks sou SIDA.</p> <p>* Dieufort Registre. (1999). <i>Biologie Humaine: Classe de 3ème B,C,D. 3è Edition 2014 Collection LABED</i>. Cinquième partie - Hygiène et microbiologie, II, paj 83, apre conclusion</p>

Pale ak yon ekspè (45 minit)

Objektif:

- Elèv yo genyen lide sou fason pou yo angaje nan lit kont vyolans sou fanm ak tifi nan kominate bò lakay yo.

Preparasyon pwofèsè a bezwen fè:

NB: Preparasyon sa a oblige fèt byen anvan jou kou a ap fèt.

- Si posib, envite yon manm òganizasyon oubyen gwoupman fanm nan zòn nan ki fè akonpayman ak fanm ki sibi vyolans. Si sa pa posib, envite yon pèsonèl lasante ki gen fòmasyon sou fason pou ede fanm ki sibi vyolans, epi ki resevwa fanm ki sibi vyolans lè yo vin chèche swen sante. Envite a ta vin pale ak klas la. Eslike envite a elèv yo ap genyen kèk kesyon pou yo poze l sou travay li ap fè. Ou kapab pataje kesyon pi ba yo davans ak envite a, pou li kapab byen prepare tèt li. Eslike envite a elèv yo kapab vini ak lòt kesyon. Si li pa posib pou moun nan vini, omwen òganize enfòmasyon esansyèl yo pou ou kominike elèv yo yon fason ki klè. Kesyon:
 - Kisa ou tandé ki rive pi souvan nan zòn nan kòm pwoblèm vyolans?
 - Kisa yon moun ki sibi kadejak, vyolans nan koup, oubyen lòt fòm vyolans sou fanm ak tifi kapab bezwen?
 - Ki sèvis òganizasyon pa w la ofri?
 - Ki twou vid ki egziste nan zòn nan pa rapò ak sèvis yo? (Egzanp, si zòn nan pa genyen medikaman 72è oubyen moun ki estab pou siyen sètifica medikal, elatriye.)
 - Ki pi gwo objektif pledwaye òganizasyon an oubyen gwoupman an genyen pou ede anpeche vyolans sou fanm ak tifi oubyen konble vid sa yo?
 - Dapre ou menm, kisa yon moun ki ta renmen patisipe nan lit kont vyolans sou fanm ak tifi kapab fè?
- Fè kopi 6 kesyon yo, epi bay 6 elèv ki pa gen lòt kesyon yo anvi poze envite a (oubyen elèv ki pa patisipe souvan) pou yo poze envite a (yon kesyon pa elèv). Lis kesyon pou ou fè kopi epi dekoupe a nan fen sesyon an, apre "Evalyasyon elèv."

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "Vyolans sou fanm ak tifi se yon epidemi mondyal ki genyen anpil konseksans sou sante repwodiktif fanm ak kapasite yo pou fè ptit. Kèk nan konsekans yo se:

- *Gwosès san moun nan pa vle*
- *Ogmantasyon risk pou fanm ki ansent bay san anpil oswa ptit mouri nan vant yo oswa ti bebe fèt tou mouri.*
- *Ogmantasyon risk pou fanm ansent akouche anvan lè*
- *Tandans pou fanm ansent chèche swen sante twò ta*
- *Ogmantasyon lòt pwoblèm pou fè ptit, nan fè ptit oubyen apre akouchman*
- *Diminisyon nan itilizasyon planin*
- *Elatriye.*

"Pou popilasyon an an sante, li nesesè pou nou anpeche vyolans sou fanm ak tifi."

Egzèsis:

1) Anvan klas la koumanse, bay 6 elèv kesyon ou te dekoupe yo, epi asire yo konprann se pou yo poze kesyon sa yo pou envite a kapab reponn. Yo kapab poze lòt kesyon tou, men apre 6 kesyon sa yo.

2) Esplike:

- a. *"Nan kou sa a nou pral tandem ekspè pale sou vyolans sou fanm ak tifi, epi fason òganizasyon pa li aji fas a gwo pwoblèm sa a."*
- b. *"Nan tandem, konprann sa ekspè a ak òganizasyon li fè, sa kapab ede nou patisipe pi byen nan lit kont vyolans sou fanm ak tifi nan zòn nan, sitou nan pledwaye oubyen lòt aksyon pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi."*
- c. *"Nou genyen 6 elèv ki genyen kesyon pou poze envite a, epi apre sa nou tout byenvini pou poze l plis kesyon toujou."*

3) Prezante envite a bay klas la.

- 4) Mande elèv ki gen premye kesyon an poze kesyon an pou envite a kapab reponn. Swiv lòt kesyon yo nan lòd pou rive nan 6zyèm nan.
- 5) Apre envite a fin reponn 6 kesyon yo, mande si lòt elèv gen kesyon pou envite a, epi sèvi ak tan ki rete a pou plis echanj ant envite a ak klas la.
- 6) Remèsyen envite a ak elèv yo pou patisipasyon pa yo.
- 7) Opsyon: Rezime siplément: "*Vyolans sou fanm ak tifi se yon epidemi nou kapab kwape nèt, si tout moun mete tèt ansanm, epi pran angajman pou epidemi an kanpe. Sa ta kapab genyen anpil avantaj pou sante moun. Jodi a, nou wè plizyè fason nou menm nou kapab mete men pou fè pledwaye pou chanjman. Nou swete nou menm elèv yo nou pral fè swivi epi pase alaksyon tout bon.*"


Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Genyen òganizasyon, genyen moun ki angaje nan lit ki kont vyolans sou fanm ak tifi, ki pou balans pouvwa ant fi ak gason. Men plis òganizasyon ak moun bezwen angaje nan lit sa a. Nou kapab antre nan lit la divès fason, men sa ki pi enpòtan se pou nou jwenn fason pou nou pase alaksyon.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Dapre sa ou te tandé envite a di, ki akson ki ta pi enpòtan pou nou fè pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi oubyen pou konble twou vid ki genyen nan sèvis ki disponib pou fanm ak tifi ki sibi vyolans nan zòn nan?



Kesyon pou poze envite a

(pou pwofesè a koupe epi bay 6 elèv)

- 1** Kisa ou tande ki rive pi souvan nan zòn nan kòm pwoblèm vyolans?
- 2** Kisa yon moun ki sibi kadejak, vyolans nan koup, oubyen lòt fòm vyolans sou fanm ak tifi kapab bezwen?
- 3** Ki sèvis òganizasyon pa w la ofri?
- 4** Ki twou vid ki egziste nan zòn nan pa rapò ak sèvis yo?
(Egzanp, si zòn nan pa genyen medikaman 72è oubyen moun pou siyen sètifika medikal ki estab, elatriye)
- 5** Ki pi gwo objektif pledwaye òganizasyon an oubyen gwoupman an genyen pou ede anpeche vyolans sou fanm ak tifi oubyen konble vid sa yo?
- 6** Dapre ou menm, kisa yon moun ki ta renmen patisipe nan lit kont vyolans sou fanm ak tifi kapab fè?

Tèm: Pase alaksyon ak enstans ki konsène

Òganizasyon ak enstans an aksyon

(2 sesyon – 1 jou 20 minit, ak yon lòt jou 45 minit-1nèdtan)

Objektif:

- Elèv yo wè fason yon òganizasyon ki pwoteje lasante popilasyon an fonksyone.

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

NB: Preparasyon sa a oblige fèt byen anvan jou kou a ap fèt.

- Asire Direksyon lekòl la dakò ak lide a. Esplike Direksyon an enpòtans vizit la, epi fason sa pral ranfòse sa elèv yo aprann nan sal klas la.
- Fè kontak ak yon lopital oubyen klinik sante nan zòn nan. Gade si yo genyen disponib bon jan sèvis pou fi ki sibi vyolans seksyèl tankou medikaman 72è, sètifikasi medikal, yon fason pou resevwa moun ki sibi vyolans nan koup, elatriye. Mande pou sèvis tankou tès VIH/SIDA, tou. Si sèvis yo disponib, pran dat ak lè avèk moun ki antèt sèvis sa yo pou yo òganize yon vizit gide pou elèv yo. Anplwaye sèvis sa yo pral pèmèt elèv yo konprann fason sèvis yo òganize epi enfòme elèv sou kalite sèvis yo ofri. Si sèvis sa yo pa disponib nan klinik oubyen lopital lokal, epi ou pa ka vwayaje ak klas la ale kote ki genyen yo disponib, ale kote yon òganizasyon sosyal ki travay ak moun ki gen VIH/SIDA oubyen fanm ki sibi vyolans.

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "Pou nou amelyore kondisyon anviwonman nou, li enpòtan pou nou konnen tout bon resous ki nan anviwonman an ki kapab ede nou pwoteje sante nou. Resous yo kapab resous natirèl, resous moun, oubyen òganizasyon. Genyen plizyè enstans nan yon kominote ki kontribiye nan lasante popilasyon kominote a, tankou lopital ak klinik."


"Genyen òganizasyon sosyal ki gen enpak sou sante yon popilasyon tou, sitou sou epidemi ki gen fon sosyal, tankou vyolans sou fanm ak tifi, VIH/SIDA. Òganizasyon fanm ki fè akonpayman, òganizasyon timoun ak òganizasyon ki bay lòt sèvis pou fanm ki sibi vyolans, pèmèt kominote a viv pi an sante."

Egzèsis:

Jou 1: Preparasyon elèv pou vizit (20 minit)

- 1) Esplike: "Pou nou wè pi byen fason sèvis sante oubyen òganizsyon fonksyone pou pwoteje sante yon popilasyon, nou pral fè yon vizit pou wè sa yo fè."
- 2) Esplike tout detay vizit w ap planifye a, tankou:
 - a. Ki kote pou elèv yo reyini egzakteman (egzanp: devan klinik la bò kote drapo a).
 - b. Ki lè pou yo la.
 - c. Kiyès yo kapab rele si yo vini an reta.
 - d. Sa k pral pase si gen lapli.
 - e. Konbyen kòb transpò y ap bezwen pou ale-tounen.
 - f. Ki lè pou yo tounen nan lekòl la pou yo pa rate lòt kou jou vizit la.
- 3) Asire elèv yo konprann.



- 
- 4) Si gen elèv ki pa preznan jou a, asire gen moun ki pral ba yo bon jan enfòmasyon sou vizit la.
 - 5) Esplike: "Nan vizit la, nou pral wè kèk bagay konkrèt sou fason yo resevwa moun ki sibi vyolans oubyen moun ki vini pou tès VIH/SIDA. N ap genyen opòtinite pou poze kesyon sou sa nou wè ak sa nou tandé."
 - 6) Mande: "Ki kesyon nou ta renmen yo reponn pou nou?"
 - 7) Ekri kesyon elèv yo site sou tablo a.
 - 8) Asire kesyon yo apwopriye pou poze moun k ap resevwa nou nan vizit la.
 - 9) Apre fin genyen yon lis kèk kesyon, mande pou genyen yon gwoup elèv ki koresponn ak kantite kesyon ki sou lis la. Chak elèv nan gwoup la ap pran 1 kesyon. Se elèv sa yo ki reskonsab pou asire kesyon sa yo reponn pou tout elèv yo pandan vizit la.
 - 10) Mande elèv yo kopye tout kesyon yo sou yon fèy papye, oubyen nan kaye yo, epi fè chak moun ki reskonsab poze yon kesyon mete yon zetwal bò kesyon pa li.
 - 11) Remèsyelèv yo.
 - 12) Opsyon: Rezime siplemantè: "Lasante popilasyon an konte sou moun ak enstans ki angaje nan bay sèvis sa yo ak nan mete enfòmasyon pou lasante nou disponib. Si plis moun mete men ansanm, ap genyen yon popilasyon ki pi an sante. Pou nou amelyore kondisyon anviwonman nou, li enpòtan pou nou konnen tout bon resous ki nan anviwonman an ki kapab ede nou pwoteje sante nou."

NB: 1 oubyen 2 jou anvan vizit la, rele pwen fokal nan lopital, klinik oubyen òganizasyon an tou pou asire planifikasyon an kenbe. Nan dènye kou anvan vizit la, asire ou raple elèv yo tout detay lojistik pou vizit la.

Yon lòt jou: Vizit la

- 1) Rankontre elèv yo fason ou te planifye.
- 2) Prezante pwen fokal la bay elèv yo, epi elèv yo bay pwen fokal la.
- 3) Pandan w ap fè vizit la, mande elèv yo poze kesyon yo lè ki apwopriye. Envite elèv yo poze kesyon ki pa te planifye tou.
- 4) Apre vizit la, remèsyelèv pwen fokal la, ak direksyon..... an pou angajman yo.

Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Li enpòtan pou nou konnen tout resous nan anviwonman nou ki kapab ede nou pwoteje sante nou. Elèv lekòl bezwen konnen kèk enfòmasyon sou sèvis lokal ki disponib pou moun ki sibi vyolans oubyen moun ki genyen VIH/SIDA.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 2 bagay ou te aprann sou sèvis pou moun ki sibi vyolans oubyen moun ki genyen VIH/SIDA nan vizit klas la te fè a.



Tèm: Pase alaksyon ak enstans ki konsène

Pwojè sèvis (Premye jou: 10 minit pou bay lide a, 2zyèm jou: 1nèdtan oubyen pi plis pou fè pwojè sèvis la, 3zyèm jou: 30 minit pou yon brase lide yon lòt jou apre)

Objektif:

- Elèv yo fè pratik nan travay pou lasante popilasyon an.
- Elèv yo fè koneksyon ak lòt enstans kominotè (si posib).

Preparasyon pwofesè a bezwen fè:

Anvan sesyon 10 minit pou bay devwa a:

NB: Preparasyon sa a oblige fèt byen anvan jou kou a ap fèt.

- Anvan sesyon an, pwofesè a kapab pale ak menm pwen fokal nan lopital, klinik oubyen òganizasyon, oubyen lòt, pou mande si yo kapab ede klas la òganize yon pwojè sèvis k ap itil misyon yo konsènan vyolans sou fanm ak tifi oubyen VIH/SIDA. Se kapab nan yon kanpay konsyantizasyon elèv yo patisipe, nan preparasyon yon evenman, yon mach pasifik, oubyen lòt lide yo genyen.
- Si lòt enstitisyon oubyen gwoupman pa genyen yon pwojè konsa, ou kapab pale ak direksyon lekòl la epi monte yon pwojè pou elèv yo egzekite ki gen rapò ak tèm pi wo yo plis lasante anndan lekòl la

Anvan pwojè sèvis la:

- 1 oubyen 2 jou anvan pwojè sèvis la, rele pwen fokal nan lopital, klinik oubyen òganizasyon an pou asire planifikasyon an kenbe. Nan dènye kou anvan pwojè sèvis la, asire ou raple elèv yo tout detay lojistik pou pwojè a.

Anvan sesyon brase lide a:

- Ekri kesyon sa yo sou tablo a:

- ➔ Kisa nou te renmen nan eksperyans pwojè sèvis la?
- ➔ Kisa nou pa te renmen nan pwojè sèvis la?
- ➔ Ki lesyon nou tire nan eksperyans lan? Ki enpòtans sa nou te fè genyen pou kominote a?

Pwopozisyon fason pou ou soti nan liv la pou ou antre nan tèm nan:

Esplike : "Lè nou pale de VIH/SIDA, nou wè makonnay li genyen ak vyalans sou fanm ak tifi akoz pouvwa sosyete a bay gason sou fanm. Men, konnen enfòmasyon sa a pa ase, li enpòtan pou lasante popilasyon an pou nou pase alaksyon pou nou fè kichòy pou konbat pwoblèm vyalans sou fanm ak tifi epi pwoblèm VIH/SIDA."



Egzèsis:

Premye jou: Devwa / Lansman lide pwojè sèvis (10 minit)

- 1) Esplike: "Akoz enpòtans angajman nou nan kominate a pou amelyore lasante popilasyon an, n ap òganize yon pwojè sèvis pou ban nou eksperyans nan fè sa."
- 2) Esplike elèv yo tout detay sou pwojè sèvis ou te òganize pou klas la--ki lè, ki kote, ki preparasyon yo bezwen fè, ak kisa yo bezwen fè ladan li.



- 
- 
- 3) Asire elèv yo konprann pwojè a, epi asire tout bagay kòrèk pou chak moun patisipe nan yon aksyon.

2zyèm jou: Patisipasyon nan pwojè sèvis (1nèdtan oubyen plis)

Fè elèv yo patisipe nan pwojè sèvis ou te òganize ak lòt enstans lan, oubyen ak lekòl la. Asire ou la pou ou sipèvize travay la.

3zyèm jou: Prezantasyon aksyon ak aprantisaj yo (30 minit)

- 1) Raple elèv yo li enpòtan pou sitwayen yon peyi angaje pou moun nan kominate a kapab viv pi an sante.
- 2) Mande elèv yo, epi brase lide sou kesyon sa yo: Mwen ta renmen kòmanse sèvi ak kapòt. Kè m ap sote lè m panse m ka pran VIH/SIDA.
 - a. "Kisa nou te renmen nan eksperyans pwojè sèvis la?"
 - b. "Kisa nou pa te renmen nan pwojè sèvis la?"
 - c. "Ki lesyon nou tire nan eksperyans lan?"
 - d. "Ki enpòtans sa nou te fè genyen pou kominate a?"
- 3) Remèsyé elèv yo pou patisipasyon yo.
- 4) Rezime eksperyans la konsa:
 - a. "Genyen anpil pwoblèm lasante ki mande pou moun mete men."
 - b. "Eksperyans nou te fè te ede nou aprann sa nou renmen fè ak sa nou pa renmen fè, sa te ban nou yon lide sou moun k ap travay sou pwoblèm sa yo nan kominate nou."
 - c. "Nou swete eksperyans la ede nou pi byen konprann divès fason nou kapab angaje pou ede kominate nou viv pi byen, epi pi an sante."
 - d. Opsyon: Rezime siplemantè: "Chak pwoblèm lasante mande tretman pa li. Anpil pwoblèm sosyal makonnen ak pwoblèm lasante. Si chak moun fè yon aksyon pou popilasyon an kapab viv an sante, n ap genyen yon lòt peyi. Li enpòtan pou nou pase alaksyon pou konbat VIH/SIDA ak makonnay malouk li genyen ak vyolans sou fanm."



Enfòmasyon pou elèv yo kenbe nan tèt yo apre sesyon an :

Li enpòtan pou nou pase alaksyon pou konbat VIH/SIDA ak makonnay malouk li genyen ak vyalans sou fanm ak tifi paske bagay sa yo ap wonje lasante popilasyon kominate nou ak peyi nou.

NB : Chak elèv ka tire plizyè leson nan eksperians pwojè sèvis. Nou swete sa yo aprann ap motive yo pase alaksyon pi plis epi rete konekte avèk aktivis, pèsonèl lasante anndan kominate a.

Evalyasyon elèv:

Pwofesè a kapab deside kijan l ap fè evalyasyon elèv yo tankou, kòm devwa nan kay, nan tès nan fen chapit la, oubyen nan estil oral nan fen kou a, elatriye.

- Site 1 bagay ou te aprann nan pwojè sèvis la.



Nòt

1. Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'École Secondaire, Programme Réorganisé*, Programme Pédagogique Opérationnel, 9 – Physio/Biologie, 1yè Année, 5, 7, 10.
2. Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'École Secondaire, Programme Réorganisé*, Programme Détaillé Bio-Physio de la 3ème Année du Nouveau Secondaire.
3. Ministère de l'Éducation Nationale et de la Formation Professionnelle (MENFP) (2015). *Curriculum de l'École Secondaire, Programme Réorganisé*, Programme Détaillé Biologie-Physiologie de la 4ème Année du Secondaire.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre